

Ayiti: Entèdiksyon pou tout tan kont Chèf Federasyon Foutbòl la *Jwè yo Mande pou Mete Fen nan Abi Seksyèl nan Espò a*

(Nouyòk, 24 Novanm 2020) – Entèdiksyon pou tout tan kont prezidan federasyon [Ayisyen](#) foutbòl la Yves Jean-Bart se yon pa enpòtan pou pwoteje atlèt ki se timoun ak jenn fi nan espò a kont abi seksyèl, deklarasyon Human Rights Watch fè jodia. Aprè desizyon Federasyon Entènasyonal Foutbòl Asosyasyon (FIFA), gen de mezi rapid ki dwe pran pou sanksyone lòt moun ki komèt abi seksyèl yo ak konplis yo genyen, angaje de pouswit penal an Ayiti ak nan lòt jiridiksyon epi tou pèmèt viktim yo jwenn sipò terapi dirab.

Après rapò “*The Guardian* ak [Human Rights Watch](#) epi presyon ki soti bò kote òganizasyon k ap defann dwa moun an Ayiti tankou [Kay Fanm](#), Solidarite Fanm Ayisyèn (SOFA), Rezo Nasyonal Defans Dwa Moun ([RNDDH](#)), ak lòt ankò, nan sèt (7) dènye mwa sa yo, FIFA te mennen ankèt sou de akizasyon grav asèlman ak abi seksyèl kont Jean-Bart, yo rele tou “*Dadou*.” Komite Etik FIFA pran [sanksyon maksimòm nan foutbòl la kont li](#) jou ki te Vandredi 20 Novanm 2020 lan.

“Desizyon FIFA a se yon jistifikasyon pou kouraj viktim ak temwen abi seksyèl yo ki te prezante tèt yo pou denonse abi seksyèl yo, sa se deklarasyon [Minky Worden](#), ki se direktè inisyativ mondyal nan Human Rights Watch. “Jan Human Rights Watch te [dokimante sa a](#), moun sa yo t ap sibi menas pèsònèl ak stigmatizasyon nan sosyete a. Sanksyon FIFA a se yon siyal enpòtan, si ou se yon moun ki konn komèt abi nan foutbòl la, jou w yo konte.”

Jean-Bart te prezidan Federasyon Foutbòl Ayisyen an depi ane 2000. Après ankèt yo te mennen sou de prèv abi seksyèl sistematik jwè ki se fanm te sibi, Komite Etik FIFA jwenn Jean-Bart koupab kote li “Abize de pozisyon li pou li komèt asèlman ak abi seksyèl sou plizyè jwè fanm, pami yo genyen ki minè.” Kounya li anba entèdiksyon pou li pa patisipe nan okenn aktivite espò ankò pou tout vi li an Ayiti kòm aletranje e li dwe peye yon amann 1 milyon fran Swis (anviwon \$ 1.1 milyon dola ameriken). Li kapab fè apèl nan Lakou Arbitraj Espò a, e li fè konnen l ap fè sa.

Viktim abi seksyèl yo an Ayiti fè Human Rights Watch konnen yo vle jwenn jistis kont abi seksyèl prezidan federasyon an komèt yo epi dwe gen sanksyon ki pran pou tout lòt dirijan ki te ede li e ki te okouran de abi ki t ap komèt nan akademi nasyonal foutbòl la.

“Mwen te bay kè m, lè m t ap jwe pou Ayiti,” sa se deklarasyon youn nan jwè seleksyon nasyonal fanm nan fè bay Human Rights Watch. “San nou menm jwè, pa gen jwèt. Mwen kontan anpil *Dadou* p ap kapab abize de pouvwa li pou li anpeche nou reyalize rèv nou ankò.”

Depi mwa Me, Human Rights Watch te travay ansanm ak [Sendika entènasyonal jwè foutbòl yo ki rele FIFPro](#), ki pèmèt atlèt yo jwenn avoka epi sipò, ede nan fè entèvyou ak temwen yo epi kolekte prèv sou abi sistematik dwa moun ki komèt nan foutbòl Ayisyen an, tankou konfiske paspò jwè, abi sou dwa nan travay, mete de atlèt ki se timoun nan kondisyon pou yo esplwate yo seksyèlman epi menase pou touye temwen ak viktim yo.

Jean-Bart te prezidan federasyon foutbòl ayisyen an depi lane 2000 e li te genyen eleksyon an ankò pou yon sizyèm (6zyèm) manda nan mwa Fevriye pase. Jean-Bart te piblikman [nye](#) tout akizasyon yo epi li reyisi jwenn yon jij an Ayiti ki [swadizan “debarase” l de tout chaj ki peze sou](#)

[tèt li yo epi blanchi li.](#) Genyen yon jij ki pwononse desizyon sa a yon jou avan yo pran entèdiksyon pou tout tan an kont Jean-Bart montre pouvwa li genyen an Ayiti e ki defi viktim yo ap fè fas nan afwonte Jean-Bart ak alye li yo. Nan mwa Dawout pase a, Human Rights Watch te dokimante menas ak atak k ap fèt sou temwen ak lansè alèt yo, sa ki ta ka anpeche yo parèt tèt yo pou prezante prèv sou abi yo.

[Deklarasyon FIFA a](#) fè konnen gen lòt sanksyon k ap gen pou pran pi devan kont moun ki komèt abi yo ak dirijan ki te konnen sa oswa ki te fasilite abi yo nan federasyon Ayisyen an:

Pwosedi etik nou te site pi wo yo antre nan kad yon ankèt apwofondi konsènan Mesye Jean-Bart, ansanm ak lòt dirijan ki nan Federasyon Foutbòl Ayisyen an (FHF), yo te idantifye kòm moun ki enplike (kòm aktè prensipal, konplis oswa enstigate) zak abi seksyèl sistematik kont jwè foutbòl ki se fanm ant lane 2014 e lane 2020. Pwosedi a toujou ap fè chemen li nan sa k konsènen lòt dirijan FHF yo.

Li enpòtan anpil pou FIFA pran mezi disiplinè kont lòt moun ki patisipe nan abi seksyèl epi mete yo deyò nan foutbòl la, deklarasyon Human Rights Watch. FIFA bezwen rasire l jwè sa yo jwenn sipò terapi ak lojistik epi rasire l tout mezi entèdiksyon ak amann li pran yo aplike.

“Anplis pwoteksyon pou viktim ak temwen yo, FIFA ta dwe egzèse otorite li genyen pou li entèdi epi sanksyone tout dirijan ki enplike nan abi seksyèl oswa menase temwen yo pandan ankèt li ap mennen an”, sa se deklarasyon Minky Worden. “Lè foutbòl la ap byen mache, se yon bagay ki bay plezi, ki rann jenn yo responsab epi ki sen pou jenn yo e FIFA ta dwe jwe wòl pa li pou asire sekirite jwè yo.”